

*Piblikasyon sa gen ladan enfòmasyon a pati 18 jen 2020.  
Tanpri konsilte [enstriksyon FAZ 1 yo](#) nan [nyc.gov/workers](#) pou plis enfòmasyon.  
Tanpri kontinye siveye [nyc.gov/workers](#) pou mizajou yo.*

## FAZ 2 nan Reouvèti NYC: Sa Travayè yo Dwe Konnen

A pati Lendi 22 jen 2020, pou Faz 2 a, biznis sa yo ka ouvri ankò nan Vil New York:

- Jesyon bilding komèsyal yo
- Salon cheve ak kwafè
- Vant an Detay nan magazen
- Biwo
- Sèvis manje deyò ak pou anpòte / livrezon
- Imobilye
- Lokasyon, reparasyon, ak netwayaj an detay
- Vant, lwe, ak lokasyon veyikil

Si w ap travay nan yon biznis ki kouvri, fè lekti piblikasyon sa pou konnen kèk nan kondisyon jeneral ak espesifik endistri a ke anplwayè ou a dwe respekte. W ap jwenn konsèy detaye nan [forward.ny.gov](#). Ou ka rele **311** tou pou Liy Dirèk pou Pwoteksyon Travayè oswa **1-212-436-0381** avèk kesyon konsènan re-ouvèti, enstriksyon sante ak sekirite pou espas travay la, oswa pou rapòte yon anplwayè ki pa respekte kondisyon re-ouvèti yo.

### Kondisyon Jeneral Tout Anplwayè yo Dwe Respekte nan Reouvèti Biznis yo

<b>Kominikasyon ak Depistaj</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Afiche yon plan sekirite nan espas travay ou kote ou ka wè li.</b></li> <li>• <b>Fòm oumenm ak kòlèg travay ou yo sou pwotokòl sekirite ak ijyèn.</b></li> <li>• <b>Fè yon egzamen sante anplwaye yo chak jou.</b> Anplwayè ou a dwe voye lakay anplwaye yo ki malad oswa ki vin malad.</li> <li>• <b>Afiche pano pou anplwaye yo ak piblik la ki gen enfòmasyon konsènan pwotokòl sekirite ak ijyèn yo.</b></li> </ul>
<b>Ekipman pwoteksyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Bay oumenm ak kòlèg travay ou yo bagay pou kouvri figi gratis epi bay ranplasman.</b> Anplwayè ou a dwe fòm ou ak kòlèg travay ou yo sou fason pou itilize, netwaye, ak jete ekipman pwoteksyon an. Anplwayè ou a dwe asire ke anplwaye yo mete bagay pou kouvri figi yo anndan lè distans 6 pye (2 mètr) a pa posib.</li> </ul>
<b>Ijyèn, netwayaj, ak Dezenfeksyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Bay ak kenbe estasyon ijyèn men pou pèsonèl la, ki gen ladan lave men avèk savon, dlo, ak sèvyèt papye, ansanm ak yon dezenfektan men ki gen alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou zòn kote lave men yo pa posib.</b></li> <li>• <b>Netwaye ak dezenfekte regilyèman espas komen yo ak sifas ak objè yo touche anpil souvan, epi omwens chak jou.</b> Egzanp yo gen ladan manch kabinè, kote pou met men sou chèz, manch pòt, asansè, balistrad, entèripte limyè, sal resepsyon, tab reyinyon, manch pòt frijidè, twalèt.</li> <li>• <b>Limite pataje ekipman ak zouti yo epi netwaye ak dezenfekte regilyèman estasyon travay yo, ekipman yo, ak zouti yo aprè chak itilizasyon.</b> Egzanp tankou òdinatè, telefòn, kès anrejistre lajan, materyèl kwizin, zouti pou netwaye. Si li pa posib pou limite pataje oswa pou netwaye ekipman ak zouti yo domaj potansyèl nan ekipman, anplwayè ou a dwe mande pou anplwaye yo mete gan.</li> </ul>

## Ijyèn, netwayaj, ak Dezenfeksyon

- Entèdi pataje manje ak bwason, po kafe, ak ekipman tankou ba lib sèvis, distribitè otomatik, ak echantiyon.

## Distans fizik

- Afiche pano epi mete tep oswa lòt makè pou montre moun yo ki kote pou kanpe pou asire yon distans 6 pye (2 mè) ant moun yo.
- Mande kliyan\* ak vizitè yo pou mete yon bagay pou kouvri figi yo lè yo gen mwens pase 6 pye (2 mè) de lòt moun.

Anplwayè ou a ka fikse règ ki pi sevè pou kliyan yo konsènan mete bagay pou kouvri figi, tankou refize sèvis pou moun ki pa mete yon bagay pou kouvri figi yo.

\*Pou Vant an Detay nan magazen, kliyan yo dwe toujou mete yon bagay pou kouvri figi yo.

- **Limite vizit anndan konbine — travayè, kliyan, vizitè — a 50% kapasite maksimòm nan yon zòn.\***

Pou ti espas tankou asansè, machin, chanm rezèv, ak zòn ki dèyè kès lajan, anplwayè ou a ta dwe limite vizit la a yon sèl moun. Si sa pa posib, anplwayè ou a ta dwe limite vizit a *mwens* pase 50% nan kapasite maksimòm epi mande pou yo kouvri figi yo.

Pou ti zòn tankou twalèt ak chanm repo, anplwayè ou a ta dwe afiche pano pou mete restriksyon sou vizit.

\*Gade egzijans espesyal yo pou Sèvis Manje Deyò ak pou anpòte / Livrezon.

- **Limite reyinyon an pèsòn yo plis ke posib.**
- **Etabli zòn yo deziyen yo pou livrezon ak ranmasaj pou limite kontak an pèsòn plis ke posib.**
- **Fèmen tout espas komen ki pa esansyèl tankou pisin, jimnaz, ak sal pou jwe yo.**



## Kondisyon pou JESYON BILDING KOMÈSYAL

Anplwayè ou a dwe:

- (*anvan re-ouvèti a*) Fè verifikasyon konplè sistèm yo anvan pou retounen, ki gen ladan, men san limite a, mekanik, dlo, HVAC, ak asansè yo pou asire yon anviwònman ki bon pou lasante ak san danje.



## Kondisyon pou SALON KWAFI AK KWAFÈ

Anplwayè ou a dwe:

- Ranje plas yo yon fason pou kliyan yo a 6 pye (2 mè) youn de lòt.
- Fèmen chanm ak liy atant yo si sa posib. *Si ou pa kapab sèvi yon kliyan san randevou byen rapid, bay kliyan yon lè pou li retounen.*
- Fèmen tout ekipman ki pa esansyèl tankou sous dlo, zòn lekti / magazin, ak echantiyon pwodwi yo.
- Mande pou anplwaye yo pou mete blouz oswa wòb ki pwòp epi itilize gan oswa lave men anvan ak aprè travay avèk kliyan yo. *Ranplase gan yo aprè chak randevou. Blouz oswa lòt kouvèti pou kliyan yo ta dwe jetab oswa, si yo pa jetab, netwaye ak dezenfekte aprè chak itilizasyon.*
- Mete dezenfektan pou men nan tout salon an pou itilizasyon anplwaye ak kliyan yo.

- Bay swa yon plak pwotèj figi oswa linèt sekirite an plis bagay pou kouvri figi lè w ap travay avèk kliyan yo.
- Mande pou anplwaye yo pou mete bagay pou kouvri figi yo alantou kliyan yo menm lè yo plis pase 6 pye (2 mè) distans.
- Entèdi antre sof si kliyan yo mete bagay pou kouvri figi yo epi entèdi sèvis tankou taye bab ki ta ka mande kliyan yo pou retire yon mask figi.
- Asire ou ke anplwaye yo lave men yo pou o mwen 20 segond ant kliyan yo.
- Bay ekipman pou netwaye ak dezenfekte pou itilize anvan ak aprè fin manyen zòn ak sifas ki pataje yo. *Ou ta dwe gen omwen 15 minit ant randevou yo pou dezenfekte estasyon travay ak zouti yo, tankou chèz, bwòs, ak sizo yo. Pataje zouti yo ta dwe limite.*



## Kondisyon pou VANT AN DETAY NAN MAGAZEN

Anplwayè ou a dwe:

- Diminye kontak an pèsòn; pa egzanp, nan limite efektif anplwaye ki nesèsè yo sèlman.
- Afiche makè pou asire 6 pye (2 mè) distans nan zòn komen yo tankou chanm repo ak koulwa magazen yo.
- Mete founiti netwayaj ak dezenfekte nan chanm pou eseye yo pou itilizasyon anplwaye ak kliyan yo.
- Mande pou anplwaye yo pou mete bagay pou kouvri figi yo nan kès yo epi enstale baryè fizik tankou mi pwoteksyon an plastik.
- Mande pou anplwaye yo mete gan lè y ap manyen pwodwi manje yo.
- Mete dezenfektan pou men nan tout magazen an pou itilizasyon anplwaye ak kliyan yo.



## Kondisyon pou BIWO YO

Anplwayè ou a dwe:

- Diminye kontak an pèsòn; pa egzanp, nan ajiste lè travay yo, limite kantite anplwaye ki nesèsè yo sèlman, ak repati orè yo.
- Asire ou ke travayè yo mete bagay pou kouvri figi yo nan zòn komen yo, tankou sal resepsyon ak asansè yo.
- Limite pataje ekipman tankou laptop, telefòn, ak istansil ekri; netwaye ekipman ase souvan ke anplwaye yo chanje estasyon travay yo; ak dezenfekte estasyon travay ant itilizatè yo. *Travayè yo ta dwe mete gan oswa lave men aprè yo fin itilize ekipman ki pataje.*



## Kondisyon pou SÈVIS MANJE DEYÒ AK POU ANPÒTE / LIVREZON

Anplwayè ou a dwe:

- Asire ou ke kliyan yo toujou mete bagay pou kouvri figi yo eksepte lè y ap chita, a kondisyon ke yo gen plis pase 2 lane epi kapab medikalman tolere bagay pou kouvri figi yo a.
- Make klèman 6 pye (2 mè) distans kote ki gen nenpòt liy fòme, tankou twalèt, ranmasaj kòmand, oswa kote pou peye.
- Itilize sèlman ekipman tankou avètisè son a pou alète kliyan yo lè chèz la disponib si ekipman ka netwaye ak dezenfekte aprè chak itilizasyon; netwaye ak dezenfekte meni ki pa jetab yo, ajantri, resipyan kondiman aprè chak itilizasyon; oswa bay kondiman ak ajantri jetab.

- Chwazi antre ak sòti separe pou kliyan ak anplwaye yo lè sa posib.
- Limite pataje zouti ak ekipman kwizin tankou po ak chodyè oswa mande pou travayè yo mete gan oswa lave men anvan ak aprè fin itilize atik yo.
- Asire ou ke anplwaye yo respekte kòd sanitè nasyonal ak lokal yo. *Anplwaye ki mete gan yo ta dwe ranplase yo souvan epi aprè yo fin chanje travay yo. Anplwaye ki pa mete gan yo dwe lave men yo souvan avèk savon ak dlo.*
- Bay ekipman pou netwaye ak dezenfekte pou itilize anvan ak aprè yo fin manyen zòn ak sifas ki pataje yo.
- *(anvan re-ouvèti)* Fè verifikasyon ak evalyasyon konplè sistèm kwizin yo pou asire yon anviwònman ki bon pou lasante ak san danje.
- *(pou anpòte / livrezon)* Bay estasyon ijyèn men pou kliyan k ap tann pou manje ak / oswa bwason epi asire ou ke fenèt / pòt yo ouvri pou vantilasyon si ranmasaj / livrezon se anndan li fèt.
- Limite ak aranje tab yo nan fason pou kliyan yo 6 pye (2 mè) distans de lòt tab yo, pasaj, oswa koulwa. Si espas la pa posib, anplwayè ou a dwe enstale baryè fizik.
- Fèmen sal manje ak syèj anndan men itilize makè distans anndan nan fason pou kliyan yo ka jwenn aksè nan twalèt, chèz deyò, oswa kote pou peye a.
- Limite kantite plas tab pa plis pase 10 kliyan ki dwe sòti nan menm pati a menm si se pa menm kay la. *Tab komen yo otorize sèlman si diferan pati yo ka separe a 6 pye (2 mè) distans.*



## Kondisyon pou IMOBILYE

Anplwayè ou a dwe:

- Limite itilizasyon bagay pou kouvri figi ki fèt an twal, ki fèt lakay, oswa ki jetab si aktivite a mande Ekipman Pwoteksyon Pèsònèl (PPE) pi estrik epi bay PPE sa yo gratis.
- Fè aranjman zòn syèj yo nan fason pou travayè oswa rezidan yo omwen 6 pye (2 mè) distans.
- Diminye kontak an pèsòn; pa egzanp, nan ajiste lè travay yo, limite efektif anplwaye ki nesèsè yo sèlman, ak distribye orè yo.
- Rezève espas nan fason pou travayè yo ka obsève distans sosyal pandan y ap manje.
- Otorize vizit sèlman nan pwopriyete ki pa okipe oswa lè rezidan aktyèl la pa prezan; pwograme vizit yo yon jan pou evite anpil moun prezan anmenm tan; epi netwaye zòn yo touche anpil yo aprè chak vizit.



## Kondisyon pou LOKASYON, REPARASYON, AK NETWAYAJ AN DETAY

Anplwayè ou a dwe:

- Diminye kontak fas-a-fas; pa egzanp, nan limite kantite anplwaye ki nesèsè yo sèlman epi ajiste èdtan vant an detay pou repati sikilasyon kliyan yo.
- Konsidere fèmen chanm atant yo epi afiche pano ki endike 6 pye (2 mè) distans deyò magazen an kote kliyan yo ka tann.
- Mete founiti netwayaj ak dezenfekte nan chanm pou eseye yo pou itilizasyon anplwaye ak kliyan yo.
- Asire ou ke tout anplwaye yo mete bagay pou kouvri figi yo lè yon vwayaj nesèsè epi plis pase yon anplwaye nan machin nan.
- Mete dezenfektan pou men nan tout magazen an pou itilizasyon anplwaye ak kliyan yo.
- Dezenfekte tout ekipman tankou aspiratè ak bokit ant chak itilizasyon ak anplasman *(pou netwayaj nan kay)*.



## Kondisyon pou VANT, LWE, AK AFÈMAJ VEYIKIL

Anplwayè ou a dwe:

- Diminye kontak an pèsòn; pa egzanp, nan limite kantite anplwaye ki nesèsè yo sèlman epi ajiste èdtan vant an detay pou redui sikilasyon kliyan yo.
- Mande anplwaye yo ki akonpaye yon kliyan nan yon tès kondwi pou mete yon bagay pou kouvri figi epi chita nan chèz ki pi lwen kliyan an. *Pou tès kondwi yo ki egzije plis pase yon sèl moun, tout moun dwe mete yon bagay pou kouvri figi yo.*
- Ranje syèj yo nan zòn atant nan fason pou kliyan yo 6 pye (2 mè) distans.
- Netwaye ak dezenfekte anndan ak deyò chak machin avèk kle machin yo anvan kliyan yo teste yon machin oswa pase pran oswa retounen yon machin.
- Mete poubèl alantou bilding nan, nan fason pou moun yo ka jete atik sal yo, tankou PPE.